Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 26 (6487) 16 май 2016 с. Итни ШагІбан 1437 с. Багъа 5 гъур.



КІУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 71 СОН

# Фашизмалъул лагълъукьа дунял эркен гьабурал

### Гумбет районалда Бергьенлъиялъ 71 сон тІубай кІодо гьабуна

**КІудияб ВатІанияб рагъда бергьенлъи босараб къо Гумбеталда рохалида кІодо гьабуна. 9 маялда районалъул централда тІоритІана официалиял, тарихиялгун ВатІан бокьиялъул, маданиялгун халкъиял ва спортивиял тадбирал.**

Дагъистаналъул бетІер **Рамазан ГІабдулатІиповасул** рахъалдасан КІудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тІубаялъул байрамалда гІахьаллъизе вачІана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель **СайгидахІмад АхІмадов.** Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикер радалго щвана КІудияб ВатІанияб рагъул ветеран ЛъаратІа росулъа 92 сон барав **СагІидбег ГІалиевасухъе.** СайгидахІмад АхІмадовасда цадахъ рагъул ветеранасухъе ун рукІана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер **МухІамадгІали МухІамадгІалиев,** районалъул администрациялъул бетІер **ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров,** ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат **НурмухІамад ГІалиев** ва цогидалги. Пачалихъияб власталъул вакилзабаз ветеран СагІидбег ГІалиевасда баркана Бергьенлъиялъул къо, гьарана гьесие сахлъи ва кьуна Дагъистаналъул бетІерасулги цогидал вакилзабазулги рахъалдасан байрамалъул хІурматалда гІарцулаб сайгъат.

Гумбеталда Бергьенлъиялъул къо кІодо гьабизе байбихьана КІудияб ВатІанияб рагъда хваразул хІурматалда бараб памятникалда цере тІугьдузул горал лъеялдасан. КІиабилеб дунялалъул рагъул солдатазул хІурматалда бараб памятникалда цере тІугьдул лъеялда байрамалъулаб колоннаялда цадахъ гІахьаллъана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахІмад АхІмадов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиев, районалъул администрациялъул бетІер ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров, Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухІамад ГІалиев, «ЧиркейГЭСстрой» ОАОялъул генералияв директор **МухІидин МухІидинов,** «ХвелгьечІеб полк» акциялъул гІахьалчагІи, учреждениязул хІалтІухъаби, росабазул бегавулзаби, жамгІиял хІаракатчагІи ва цогидалги. Байрамалъулал тадбиразда гІахьаллъана КІудияб ВатІанияб рагъул ветеран, БагІараб цІва орденалъул кавалер ЧІиркъатІаса **ГІабдулкарим ГІусманов.**

КІудияб ВатІанияб рагъул гІахьалчагІазе бараб памятникалда цебе Гумбет районалъул бетІерас баркиялъулаб кІалъай гьабуна. Фронталъул ва тылалъул ветераназда баркана фашистазда тІад бергьенлъи босараб къо. Рагъулаб темаялда кучІдул цІалана МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул цІалдохъабаз. Байрамалъулаб салют биччана Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул хІалтІухъабаз. Районалъул имамзабазул Советалъул председатель **ГІабдулагь-хІажи Закарикаевас** КІудияб ВатІанияб рагъда хваразе дугІа гьабуна.



Районалъул централияб байданалда Бергьенлъиялъул къоялъул хІурматалда тІобитІараб рохалилаб митинг рагьана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас.

«РакІ-ракІалъ баркула киназдаго КІудияб Бергьенлъиялъул къо. 1945 соналъ фашизмалда тІад бергьенлъи босаралдаса 71 сон тІубана. Рагъул кьогІлъи лъаларезул ункъабилеб гІел гІолеб буго. Ина сонал, жеги тІаде цІикІкІина цогидал гІелал, бакълъулаз жидерго ракІазулъ кидагоялъ цІунила нилъер умумузул бахІарчиял ишазул хІакъалъулъ ракІалдещвеял. Нилъ чІухІарал руго бергьенлъи щвеялъулъ нилъер ракьцояз гІахьаллъи гьабиялдаса. Гумбеталъулаз цІунана Москва, Ленинград, рагъана Курская дугаялда, тушманасда кьаби щвезабуна Одералда ва Вислалда, ГІахьаллъана Берлиналда Бергьенлъиялъул парадалда.

КІудияб ВатІанияб рагъде арав 1380 рагъухъанасдасан кьалул байданалда берал къанщана 866 нилъер ракьцояс ва абадиялъго гІагараб ракьалдаса рикІкІад хутІана. Щибаб соналъ нилъеца гъваридаб пашманлъиялда ракІалдещвезарула КІудияб ВатІанияб рагъдаса тІадруссинчІел. КигІанго бокьичІониги, рагъул гІахьалчагІазул кьерал дагьлъулел руго, районалда хутІун вуго гІицІго кІиго гІахьалчи – ЛъаратІаса СагІидбег ГІалиев ва ЧІиркъатІаса ГІабдулкарим ГІусманов» – ян абуна МухІамадгІали МухІамадгІалиевас.

Халкъияб Собраниялъул вице-спикер СайгидахІмад АхІмадовас Дагъистаналъул бетІерасул, Халкъияб Собраниялъул ва ДРялъул хІукуматалъул цІаралдасан КІудияб ВатІанияб рагъул ветераназда ракІ-ракІалъ баркана Бергьенлъиялъул къо.

«9 май – нилъее бищун хирияб байрам ккола. Бергьенлъи щвеялъе гІоло гьеб рагъда Совет Союзалъе камуна 27 миллион чи. Нилъеда киданиги кІочене гьечІо гьаб жакъасеб талихІаб букІинеселъе гІоло жидерго гІумру кьурал рагъухъаби. Кьалул байдабазда гурелги, тылалдаги хІалтІана «Кинабго фронталъе, кинабго Бергьенлъиялъе гІоло» абураб ахІиялда гъоркь.

ТІолабго дунялалда унеб буго «ХвелгьечІеб полк» акция. Нилъер масъала ккола КІудияб ВатІанияб рагъул щивав гІахьалчиясул рагъулаб нух, нилъерго тарих гъваридго лъазаби. Нилъеца кидаго рекІелъ цІунила рагъухъабазул хІакъалъулъ ракІалдещвеял. РакІчІараб буго хадусеб гІелалъги жидерго умумузул тарих гъваридго лъазабизе, ВатІаналде гьезул букІарабго гІадаб рокьиялъул асаралда гъоркь гІумру гьабизе, кІудиязул адаб гьез цІунизе букІиналда» - ян абуна СайгидахІмад АхІмадовас.

Бергьенлъиялъул байрамалъул хІурматалда митингалда баркиялъулал кІалъаял гьаруна гьединго ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухІамад ГІалиевас, Гумбет районалъул херазул Советалъул нухмалъулев **ГІали ГІумархІажиевас,** ДРялъул мустахІикъай врач **Нина Кузенкоца**, ММАялъул дунялалъул чемпион **Халид МуртазагІалиевас,** МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цІалдохъан **Чакар ГІалибеговалъ,** районалъул имам ГІабдулагь-хІажи Закарикаевас, Афгъанистаналда рагъул ветераназул, инвалидазул тІолгороссиялъул жамгІияб гІуцІиялъул Гумбеталъул бакІалъулаб отделениялъул нухмалъулев (ООО ИВА) **МухІамадрасул Сулаймановас** ва цогидазги. ИВА ОООялъул централияб управлениялъул хІукмуялда рекъон, шапакъатал кьуна ДРялъул Халкъияб Собраниялъул вице-спикер СайгидахІмад АхІмадовасе, Гумбет районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевасе, Гумбет районалдасан ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутат **АхІмад ХІажиевасе,**

**(Ахир -кІиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:

**МугІрузул сонги росабалъе нухалги**

-2 гьум




**ЕГЭ – къватІисан «кумек» букІине гьечІо**

-3 гьум



КОЛОНКА ГЛАВНОГО РЕДАКТОРА

## Национальные СМИ – важная составляющая национальной культуры

-Влюбленные всех стран, соединяйтесь! – так перефразировал легендарный Расул Гамзатов известный лозунг XX века. Творческие люди, соединяйтесь! Ибо наш плюрализм и интеллигентность самозванцы от культуры, лжередаторы и иже с ними будут использовать против нас. Конечно, достойны сожаления те, кто всю жизнь стремится походить на кого-то, играет человека энной профессии и некоторых способностей, когда на самом деле сам прекрасно знает, что он – пустота, и к таланту никакого отношения не имеет.

Чтобы сохранить как можно больше культурного пространства в Стране гор, не заполненного примитивным стяжательством, посредственностью, хищениями в крупных размерах и прочими кошмарами, творческие люди выступают с разными инициативами, проектами и программами, направленными на улучшение общей социальной среды, призванными повысить уровень продукции творческих профессий.

Одной из таких инициатив является создание Ассоциации авароязычных СМИ под эгидой Региональной национально-культурной автономии аварцев Республики Дагестан (РНКААРД). Средства массовой информации, как известно, выполняют очень важные общественные, коммуникативные, культурно-образовательные, идеологические, рекреативные и прочие функции. Названные «четвертой властью», СМИ осуществляют общественный контроль за действиями властей и участвуют в общественной жизни, как социальные институты.

Также СМИ являются самыми передовыми, оперативными и мобильными носителями не только новостей и аналитики, но и языков, зачастую формируя новые стили и находясь в постоянном поиске креатива и оригинальной подачи материала.

Средства массовой информации Дагестана, выходящие на национальных языках республики - мощный фактор сохранения дагестанской культуры и языков. Очень важно, чтобы эти СМИ выдавали качественную продукцию, так как они тоже участвуют в формировании нашей дагестанской идентичности, кодекса чести, конституции горца.

23 апреля 2016 года в Махачкале, в Доме дружбы прошла презентация Ассоциации аварозычных СМИ, которая ставит своей целью повышение уровня как районных, городских, так и республиканских СМИ, выходящих на аварском языке.

В добрый путь! Большому кораблю – большое плавание. С данной организацией связываются большие надежды на консолидацию и развитие дагестанских национальных СМИ, а также всей сферы национальной культуры.

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# МугIрузул сонги росабалъе нухалги

### Гьарадирихъе шагьра – захIматаб 18 километр

**Дунялалда бищун машгьурал пачалихъазул цояб букIана НекIсияб Римазул империя. Цогидал халкъаздаса ва къавмаздаса гьеб улка батIа бахъулел гIемерал гIаламатал рукIана. Гьел бергьенлъабазда гьорлъ Рималъул тарихчагIаз чIухIун хъвалаан жидеца империялъул щибаб бокIоналде гамачI букьараб шагьранух гьабунила, шагьарал-хъулби ранила, жидер кутакал хIамамалги ругилан. ЛъикIал нухалги рацIцIа-ракъалъиги кIиазарго-лъабазарго соналъ цебеги рикIкIунаан церетIеялъулги тIадегIанаб жамгIияталъулги даражалъун. Ахирал соназда Дагъистаналда магIарул росабалъе хьил тIурал шагьранухал гьарулел руго. Исанасеб сон Дагъистаналъул тIалъиялъ МугIрузул лъагIелилан рагIизабуна ва магIарул росабалъе нухал къачIаялъе, цIигьариялъе сурсатал риччалел руго. ГIемерисел районазул центразде хьил тIурал нухал гьаруна. ГIатIид гьарулел руго цогидал росабалъе ругел нухалги. Масала, 2015-2016 соназдa Гьорькь Инхо – Гьарадирихъ нух рагIа-ракьанде щун (капремонт) цIигьабулеб буго, гьеб мурадалда чанго миллион гъурущ биччанги буго.**

Гьорькь Инхоса гьарадирил лъабабго росулъе (Гьорькьа Гьарадирихъ, Бакьулъ Гьарадирихъ, ТIаса Гьарадирихъ) 18 километралъул манзилалда автомобилазул нух буго. Колхозазул транспорт гурони, тIокIаб рекIине жо гьечIеб заманалда гьеб 18 километр чанги лъелго толаан гьарадирица – гьитIиназги, кIудиязги, руччабазги, лъималазги, къайи-къоноги гьодида баччун. Гьанже машинабиги гIемерлъана, хьвадулел маршруткабиги руго. Амма чвахунцIададаздаса хадуб гьеб шагьранух «болъоялде» сверулаан, тIаса-масагояб къачIакIатIай букIиналъ.

Дагъистаналъул Нухазул магIишаталъул агентстволъул бетIер Загьид Хучбаровас кIвар кьуна гьарадерил



жамагIатазе санагIатаб нух гьечIольиялъул бугеб масъалаялде ва къварильиялде. Зигараялъ гьенире рачIине ккарал чагIи хIикмалъулаан, гьедин гвендаххарал, тату хварал нухаздасан транспорт кин бачунебан. КIалбиччанкъоязде ва цоги байрамазде Россиялъул регионаздаса ва Дагъистаналъул шагьараздаса рачIарал ракьцояз жидерго хириял машинаби Инхо теялъул хIужабиги рукIана, гьеб 18 километраялъ чурхъичIого рукIине.

2015-2016 соназдa Гьорькь Инхо – Гьарадирихъ шагьранух цIигьабулеб буго, Дагъистаналъул Нухазул магIишаталъул агентствоялъ гIарацри биччан, мухIканаб хIалтIиги гьабун. Тендер бергьун, гьеб проект гIумруялде бахъинабулеб буго «Гермес» абураб подрядияб идараялъ.

Гьеб нух къачIалеб бакIалде щведал, гьениб хIалтIулеб техникаялъулги махщалилазулги халгьабулев вугоан «Гермес» идараялъул нухмалъулев АхIмад Гьиматовасул кумекчи ГIабдулхIаким-хIажи Гьиматов. Гьес бицана, пачалихъалъул заказалда ракьон, жидеца къотIуда хъваралда тIадеги хIалтIи гьабулеб бугин нухдайилан. Гьениб хIалтIи билълъанхьизабиялъе шартIал рукIинаризе гьеж гурун хIалтIулев «Сельсовет "Арадирихский"» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер Камил Шапиевас абуна, АхIмад Гьиматовас, пачалихъалъ бихьизабуралда тIадеги, лъикIаб гьариялъе, нух гьаби кири цIикIкIараб иш букIинги бичIчIун, чанго километр нухлул садакъадеги къачIалеб бугилан. Камил Шапиевас гьарадирил жамагIаталъул рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабуна Гьорькь Инхо – Гьарадирихъ нух цIигьабиялъе квербакъарал Дагъистаналъул Нухазул магIишаталъул агентствоялъул бетIер Загьид Хучбаровасе, нухал гьарулеб «Гермес» идараялъул генералияв директор АхIмад Гьиматовасе, гьединго гьеб суал тIубаялде кIвар кьурал Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовасе, Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасе ва цогидазеги. Гьединалго баркалаялъул рагIаби абуна гьарадирил «Гьудуллъи» абураб СПКялъул председатель, росдал собраниялъул депутат ГIабдурахIман ГIабдурахIмановас, жамагIатчи ХIасан Халипаевас ва цогидазги.

XXI гIасруялда, космосалда гIадамал роржанхъулеб заманалда, чиясул цIакьго мустахIикъаб ихтияр буго санагIатаб, хьараб гIумру гьабизе, лъикIал нухаздасан хьвадизе, живгоги жамгIиятги церетIезаризе. Амма инсаният жеги рагъазулъги, тIекълъиялъулъги, ракьиялъулъги къан буго. Африкаялда кваникълъиялъ аза-азар чи холев вуго. ГIагараб Бакъбаккуда къойил рагъазда чагIи чIвалел руго. Ядерияб хъалхъан гьечIел пачалихъал пилпана гьарулел руго. Россиялда рагъгIаги гьечIилан абун, нилъеего ракI-макI гьабулел Россиялъул гражданалги руго. Пачалихъалъул сурсатаздасан кутакалда бечелъиялъ, «меседил хIажатханал» гьарулел, хасал гумиги самолеталги росулел цоял тун, язихълъиялда, МРОТги бадиб речIчIун, цоял тун, къирулеб буго пачалихъалъул гьоко цебехун.

Гьединаб ахIвал-хIалалда школалъе цIияб мина рагьиялъул, больница баялъул, лъималазул ах хIалтIизе лъугьиналъул, нухал гьариялъул харбаз дагьабниги ракI рази гьабула. Гьаб дунялалда унгоунгояб ритIухълъи букIунаро, гьединаб коммунизм гIуцIулел рукIаразулги жо ккечIо. Нухда батараб гамачI щивас гьениса нахъе гиризабуни, нилъер гIумру гIадада инаро ва цебетIей камиларо. Бильлъунеб садакъа кколин нухда гьабулеб хIалтIийилан бицуна диналъги. Нухалги мехалги ритIаги! Нухалги мехалги къосунгеги!

**ХIамзат ГIизудинов**

ИНСАН КУЦАЛЕБ КЪЕБЕЛЪИ

## Республикаялда - анлъабилеб бакI

**2016 соналъул 18 апрелалдаса байбихьун 22 апрелалде щвезегIан МахIачхъала шагьаралда тIобитIана Республикаялъул «Воспитатель года» конкурс. Конкурс тIобитIана «Лучик» абураб республикаялдаго лъикIаблъун рикIкIунеб ясли-ахалда. Конкурсалда гIахьаллъана республикаялъул, районазул, гьединабго конкурсалда бергьарал 39 тарбиячи. Гумбет районалдаса гьениб гIахьаллъи гьабуна Килалъ росдал «Чебурашка» ясли-ахалъул тарбиячIужу Альбина ИсламгIалиевалъ.**

Конкурс рагьана Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министр ШагьгIабас Шагьовас. Гьевгун цадахъ конкурсалда гIахьаллъи гьабизе ва бергьаразе гIарцул сайгъатал кьезе вачIун вукIана нильер ракьцояв, лъайкьеялъул ва гIелмуялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул рескомалъул нухмалъулев МухIамад ГIамиродиновги. Кьецазул тIоцебесеб къоялъ конкурсалъул гIахьалчагIаз «Презентация педагогического опыта» номинациялда бицана жидецаго ясли-ахазда гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъ, бихьизабуна жидерго бугеб лъай, бажари ва гьунар. Жюриялъ ва балагьараз лъикIаб кьимат кьуна Килалъ росдал «Чебурашка» ясли-ахалъул тарбиячIужу Альбина ИсламгIалиевалъул цеехьиналъе ва гьелъ чIахIи-ял лъималазул группаялъе гьабураб занятиялъеги. Гьеб наминациялдаса хадуб жюриялъ рищана киназдаго гьоркьоса лъикIаздасалъикIал 10 тарбиячIужу. Альбина ИсламгIалиева мустахIикълъана Республикаялда анлъабилеб бакIалъе.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъ, тIолго ясли-ахазул хIалтIухъабаз Альбина ИсламгIалиевалда ракI-ракIалъ баркулеб буго гьеб бергьенлъи, ва гьарула гьелъие жеги тIадегIанал цIия-цIиял бергьенлъаби.

**Зайид ХIусенов,
Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методикияб централъул нухмалъулев**

## Фашизмалъул лагълъукьа дунял эркен гьабурал

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

«Россиялъул къисматалъулъ дир къисмат» ТIолгороссиялъул кинофестивалалда гIахьалльизе документалияб фильм хIадурарав **Набигула АхIмадибировасе,** рагъухъан – интернационалист **Багьавудин МухIамадовасе.**

Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовас КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран ГIабдулкарим ГIусмановасе кьуна Дагъистаналъул бетIерасул рахъалдасан гIарцулаб сайгъат. Ветеранасе гIарцулал сайгъатал щвана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал НурмухIамад ГIалиевасул, АхIмад ХIажиевасул, «Чиркей ГЭСстрой» ОАОялъул генералияв директор **МухIидин МухIидиновасул,** «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул рахъалдасан.

КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубаялъул байрамалъул кьоялъул кIиабилеб бащалъи батIи-батIияб байдабазда тIобитIана. **ХIажимурад МухIамадовасул** цIаралда бугеб физкультураялъулгун сахгьариялъул комплексалда тIоритIана пачалихъияв хIаракатчи **Аслудин МухIамадов** ракIалде щвеялъул торгIо хIаялъул турнир, спорталъул миллияб тайпабазул кьецал, БекIкIветIа риччана чуял. Районалъул централияб байданалда церерахьана районалъул искусствалъул школалъул «ГьитIинал магIарулал» ансамблялъул кьурдухъаби, республикаялъул машгьурал кочIохъаби.

Бакълъулазе ва гьалбадерие хIадурун букIана солдатазул каргци.

**Информациялъулаб «Гумбет» гIуцIи**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# ЕГЭ – къватIисан «кумек» букIине гьечIо

## Исана районалда цогояб экзамен кьезе буго 138 цIалдохъанас

**РикIкIарал къоял хутIана районалъул школазул выпускниказ цогояб начализхъияб экзамен (ЕГЭ) кьезе. Гьелде гьабун бугеб хIадурлъиялъул ва цогидалги суалалгун Гумбет басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул кIудияв специалист, районалда цогояб начализхъияб экзамен кьеялъул рахъалъ жавабияв Сурхай Сурхаевгун.**

**- Сурхай, исана ЕГЭ чан чияс кьезе бугеб?**

- Гьаб соналда ЕГЭ кьезе буго 138 чияс. Гьезда гьоркьоса 105 цIалдохъан 11 класс лъугIунев, 25 – цересел соназ школа лъугIарал ва 8 цIалдохъан араб соналда ЕГЭ кьезе кIвечIев.

**- Бицинарищ къокьго ЕГЭялде цIалдохъаби хIадуриялда хурхун лъайкьеялъул отделалъ гьабураб хIалтIул?**

- Районалъул лъайкьеялъул отделалъ бахъараб хасаб планалда рекъон, цIалул сон байбихьаралдасаго цIикIкIараб хIалтIи гьабуна ЕГЭялде цIалдохъаби хIадуриялъул рахъалъ. «Дицаго кьела ЕГЭ» абураб республикаялъулаб программаялда рекъон, районалъул лъайкьеялъул учреждениязда 4 нухалъ тIобитIана гIурус мацIалъул ва хIисаб гIелмуялъул хIалбихьиялъул экзаменал. Гьединго тIоритIана ЕГЭялде риччаялъе сочинение хъваялъул хIалбихьиялъул экзамен. Гьелъул хIасилалда 105 цIалдохъан ЕГЭялде виччана.

Гьединго, лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъабиги гIахьаллъун, районалъул щибаб школалда тIоритIана умумулгун цIалдохъаби цадахъал собраниял. Гьезда бичIчIизабуна ЕГЭ кьолеб заманалда кинаб букIаниги къватIисан кумек щвезе гьечIолъи, бухьеналъул алатал цадахъ росизе бегьунгутIи, киналго кабинетазда камераби риччан рукIин ва бокьараб бакIалъан экзамен кин унеб бугебали халгьабизе бажарулеблъи.

**- ИчIго класс лъугIунев чан цIалдохъанас аслияб начализхъияб экзамен (ОГЭ) исана кьезе бугеб?**

- Гьеб кьезе буго районалъул школаздаса 9 класс лъугIунев



160 цIалдохъанас. Гьезда гьоркьов 2 цIалдохъан вуго араб соналъ ОГЭ кьезе кIвечIев. ОГЭ кьезе бугезулги тIобитIана гIурус мацIалъул ва хIисаб гIелмуялъул хIалбихьиялъул экзамен.

**- Гьаб соналда ЕГЭ ва ОГЭ кьолезе цересел соназдаса хиса-басиял ругищ?**

- Руго. ГIурус мацIалъул ва хIисаб гIелмуялъул ЕГЭ кьезе бажаричIел цIидасан гьеб кьезе риччазе руго лъабго нухалъ. Тарихалъул предметалъул тестал хисизарун руго сочинениялде. Гьеб хъвазе буго тарих гIелмуялда тIасан. Гьединго гьаб соналда обществознаниялъул, географиялъул, информатикаялъул КИМазда (контрольно – измерительниял материал) жаниса тестовияб бутIа нахъе босизе буго.

Гьединго хиса-басиял гьарун руго ОГЭ кьолезеги. ИсаналъизегIан гьез кьолеб букIун батани кIиго тIадаб экзамен (гIурус мацI, хIисаб гIелму), гьабсоналда тIаде бачIун буго кIиго тIаса бищараб предметги. Исана гьеб букIине буго хIалбихьи хIисабалда, хадусел соназ гьеб гьабизе буго тIадаблъун.

**- Экзамен кьолеб пункт хIадурун бугищ?**

- Пункт хIадурун буго МелъелтIа гьоркьохъеб школалда. Ункъабилеб маялда пункт къабул гьабизе ячIун йикIана ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул хIалтIухъан Черкашина Любовь Ивановна. Гьениб хIадурун буго ЕГЭ кьезе бугеб 8 кабинет, тIадеги хIажалъи ккани кIиго кабинет, ва цо медицинаялъулаб кабинетги. Гьединго экзаменазул заманалда ток свани хIадурун буго генераторги. Заказ гьабун буго сотовияб бухьеналъул сигналал тIагIинарулеб кIиго алат. Экзамен кьолеб къоялъ лъезе буго махх балагьулеб алатги.

**- Экзаменал кьолел къоял чIезарун ругищ?**

- Руго. 27 май – география, адабият (литература), 30 май – гIурус мацI, 2 июнь – хIисаб гIелму, 8 июнь – обществознание, 10-11 июнь – къватIисел начализхъазул мацI, 14 июнь – биология, 16 июнь – информатика, тарих, 20 июнь – химия, физика.

ЦIалдохъабаз тIаса рищарал предметазул экзаменазул кьоял дандеккун ругони, чIезарун руго цогидал кьоялги:

22 июнь – география, къватIисел начализхъазул мацI, химия, обществознание, информатика. 27 июнь – гIурус мацI, 28 июнь – хIисаб гIелму.

География, литература, къватIисел начализхъазул мацIалъул предметазул экзаменал тIаса рищарал цIалдохъабазул къадар дагьаб букIиналда бан, гьел экзамен кьезе ине ккола РЦОИялъ тIаса бищараб пунктalде. Нилъер районалъе араб соналда бихьизабун букIана Шамилхъалаялда бугеб ППЭ. Исана кинаб пунктalде экзаменал кьезе ине ккелелали нижеца хадуб школазда лъазабизе буго.

Школа лъугIараб аттестат щола гIурус мацIалъул ва хIисаб гIелмуялъул ЕГЭ кьуни.

**- Ахиралда выпускниказе щиб дуца гьарилеб?**

- Дица выпускниказе гьарула цогояб начализхъияб экзаменалда бергьенлъи, гIумрудул нухда битIккей.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

БАКЪЛЪУЛАЛ - ДУНЯЛАЛДА

# Сибиралда – мавлидал

## Аргъваниса МухIамад ГъазимухIамадовасул дагIват

**Свердловск областалъул Екатеринбург шагьаралда тIобитIараб мавлидалде къабул гьарун рукIана Дагъистаналдаса, Татарстаналдаса, Башкириялдаса ва цогидалги республикабаздаса мавлид ахIулел чагIи. ЛъикI мавлид ахIулев чи хIисабалда гьениве витIана Дагъистаналъул Гуманитарияб институталъул теологиялъул факультет лъугIизабурав, гьенивго магистратураялда кIиабилеб курсалда цIалулев ЦIияб Аргъваниса МухIамад ГъазимухIамадов.**

Мавлид ахIизе кколаан гIараб ва гIурус мацIазда. МухIамад Москваялдаса Екатеринбургалде щун вуго радакье сагIат лъабгоялда. ДандчIвазе вачIун вуго Сибиралъул ракьалда гIумру гьабун бугев лакав, хадусеб къоялъ лъай-хъвай ккун буго лъарагIасулгун. Лъабабилеб къоялъ дандчIвай букIун буго МелъелтIаса **Зайнулагь ДарбишухIумаевасулгун.** Гьев ккола Екатеринбург шагьаралда Дагъистаналъул диаспораялъул нухмалъулев. Зайнулагь гIун вуго хъутаналда, цIалун вуго цIунда-щабхъадерил Первомайское хъутаналда. ТIадегIанаб юридическияб лъайги щун, хIалтIулев вуго гьеб шагьаралда адвокатлъун.

ДарбишухIумаевасги гьесул хъизаналъги лъикIаб гьоболлъи гьабун буго МухIамадие. Гьезул рохалие гIорхьи букIинчIила МелъелтIа росдада гIагарлъухъ бугеб Аргъвани росулъа ГъазимухIамадов вахъун гьечIо мавлид ахIизе. тидалги. Мавлид МухIамадица ахIун буго Екатеринбургалда «Лаврова» абулеб маданияб кIалгIаялда ва 100 км. рикIкIад бугеб Урал-Каменск шагьаралда «Юность» маданияб кIалгIаялда. Севернияб Кавказалдаса МухIамад гурони ун вукIун гьечIо мавлид ахIизе Сибиралъул гьел шагьаразде.

Дие бокьун буго лъикIаб гьоболлъиялъухъ, тIалабагъазалъухъ Зайнулагьие, гьесул хъизаналъе, гIагарлъиялъе, МелъелтIа ва хъутаналда бугеб росдал жамагIаталъе, гьесие тарбия-лъай къурал Первомайскиялъул школалъул коллективалъе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе.

**Тажудин МухIамадов, Аргъвани росу**

ВАГIЗА

# ШагIбан моцIалъул хиралъи

**Щибаб рецц Аллагьасе буго жиндица шагIбан моцI хира гьабурав, лъикIлъаби рикъулеб моцIилан жинда цIарги тарав, гьелъул хIурматги цогидал моцIалго гIадин, кIодо гьабурав, Аваралгасдаги салат салам лъеги шагIбан моцIалъул хиралъаби жиндица баян гьабурав ва жиндицаги абурав: ражаб моцI Аллагьасул моцI буго, шагIбан жиндир буго ва рамазан дир умматалъул бугоян абурав.**

Баракат рахIматгун бачIарабги батаги, рамазан моцI бачIинелде гьоркь бакI къачIалеблъунги батаги ШагIбан моцIалъ аварагас (с. т. гI. в.) кIал цIикIкIун кколеб букIана. Нилъедаги диналъул вацал, рекъараб букIина гьаб моцIалъ хIалкIолев чияс кIал ккезе. Аварагас (с. т. гI. в.) асхIабзабазда цIеханила нужеда лъалищ шагIбан абун гьаб моцIалда цIар щай лъураб абун. АсхIабзабаз абунила Аллагьасдаги дудаги лъикI лъала абун. Аварагас (с. т. гI. в.) абуна жинда жаниб гIемераб лъикIлъи бикъулеб моцI букIиналъ абун.

Аварагасул (с. т. гI. в.) хIадис буго: щив чи вугониги авалалдаги ахиралдаги, бакъулъги лъаб-лъаб кIал ккуни гьаб моцIалда жаниб Аллагьас гьесие хъвалила 70 аварагасул гIибадаталъул кири, 70 соналъ гIибадат гьабурав чиясул кириги, жеги гьеб соналъ гьев чи хвани шагьидасул кириги хъвалила гьесие абун. Гьедин гьеб ккезе нилъееги Аллагьас хIал кьеги. Нахъеги МугIаз бин Жабал абулев асхIабасдасан абулеб буго аварагас абулеб букIанила, тIадегIанав Аллагь шагIбан бащалъараб сордоялъ рахIмат - цIобалдалъун жиндир халкъалде ваккулила, жиндица гьезул мунагьалги чурулила. Амма ширк ккурав, жахIда-хIасад бугев, жа гьекъолев, мунагьалда даимав, риба кунев, мацI гьабулев, эбелинсуе гIакъуба кьолев, сихIру гьабулев чи хутIун, гьез гьеб гIамалги тун тавбу гьабизегIан.

ШагIбан бащалъидал аварагас абулаанила: сордоги гIибадат гьабулаго борчIе, къад кIалги кквe абун. Цо бицени буго лъабго нухалда «Ясин» цIализеги хирияб бугилан. Гьединго кинаб къулда бугониги гIибадат гьабизе хирияб буго, какал ран, Къуръан цIалун, садакъа – хайрат гьабун, цо-цалъ тIокIал рукIун, свалат битIун. Аллагьас нильер гьабураб гIамалги къабул гьабеги, мунагьалги чураги, балагьал къварилъабаздасаги цIунун тайги ва саламун гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугь.

**АхIмад ГIабдухаликъов, МелъелтIа мадрасаялъул мугIалим**

ТIИБ

# Диспансеризация – унтабаздаса цIуниялъе къучI

**Щиб кколеб диспансеризация? Гьеб ккола гIадамазул сахлъи цIуниялда хадуб тохтурзабаз хъаравуллъи ккеялъул шартIазул цояб. Диспансеризациялъ квербакъи гьабула чорхолъ ругел унтаби хехго загьир гьаризе ва тохтурзабазул бихьизабиялда рекъон сах гьаризе. Масала, диспансеризация гьабулаго тIатуна рекIелгун бидурихъазул, чакаралъул диабеталъул, онкологиялъул, туберкулез унтаби. Гьеб тадбир тIобитIулелъул халгьабизе гIадамал ритIула терапевтасухъе, акушер-гинекологалъухъе, хирургасухъе, неврологасухъе, беразул тохтирасухъе. Гьарула лабораториялъул ва цогидалги цIехрехал.**

Диспансеризация гьабуни, гIадамал цIунула унтаби тIиритIиялдаса, хехго унтаби тIатинарун, халаткκун гьел сах гьарулеб хIалалде ккечIого хутIиялдаса. Унтаби заманалда тIатани, сахгьаризе тохтурзабазеги бигьалъула, живго унтараседи, захIматаб хIалалде ккечIого лъикI букIуна. Гьединлъидал диспансеризация гьабеян лъазабуни, нахъ тIамичIого хехаб къагIидаялда рачIине тIадаб буго. Жиндир заманалда гьабуни нужеего лъикIаб буго. 2013 соналдаса гьабулеб буго Гумбеталда диспансеризация, цебе гьелде абулаан модернизациян. Диспансеризация гьаб соналъ гьабулеб буго 1920 аб. соналъ гьарурал гIадамаздасан байбихьун, щибаб лъаб-лъаб сон гьоркьоб замангун гьарурзеги. Масала, 1920 – 1923 - 1926- 1929 - 1932-1935…. 1986-1989 – 1992-1995 сонал (точкаби ругеб бакIалда, лъаб-лъаб сон тIаде жубани лъала диспансеризация гьабулел сонал.

Диспансеризация гьабулаго, гIадамазул сахлъиялъул бугеб хIалалде балагьун гьел 3 группаялде рикьула.

ТIоцебесеб группа – гIодобегIанаб къадаралъул унтиялъе хIинкъи бугел гIадамал.

КIиабилеб группа – цIикIкIараб ва цIакъо цIикIкIараб къадаралъул унтиялъе хIинкъи бугел гIадамал.

Лъабабилеб группа – тIубараб куцалда унтун ругел, диспансернияб халгьабиялда гьоркь рукIине кколел гIадамал. Гумбет районалъул поликлиникаялда гьаб соналъ диспансеризация гьабуна 157 чиясе. Диспансеризация гьабула 21 сон бараб ва хадуб щибаб лъаб-лъаб сон соналдасан, тIубараб гIумруялъго. Гьел рачIине ккола участковияв тохтурасухъе, гьесул кабинеталъуре поликлиникаялда. Гьенисан ритIула анкетаги цIезабун, халгьабизе, анализал кьезе, цогидал тохтурзабахъе.

Диспансеризация гурebи, медицинаялъулаб халгьабиги буго жавабияб иш. Гьеб гьабула нужецаго гIумру гьабулеб бакIалда бугеб медицинаялъул учреждениялда.

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

ДОКУМЕНТЫ

## Аукцион на получение земли для жилья

12 мая 2016 г. с.Тлярата

**Администрация сельского поселения «Село Тлярата» информирует о возможности предоставления в аренду земельных участков из категории земель сельскохозяйственного назначения для ведения садоводства и личного подсобного хозяйства.**

| Местоположение земельного участка | Кадастровый номер | Площадь кв. м |
|---|---|---|
| Дагестан респ, Гумбетовский район, с.Тлярата | 05:25:000032:260 | 10100 |
| Дагестан респ, Гумбетовский район, с.Тлярата | 05:25:000032:261 | 20000 |

В соответствии со статьей 39.18 Земельного кодекса Российской Федерации граждане, заинтересованные в предоставлении земельного участка для индивидуального жилищного строительства, в течение тридцати дней со дня опубликования и размещения настоящего извещения, вправе подать заявление о намерении участвовать в аукционе по продаже права на заключение договора аренды указанного земельного участка.

Дата окончания приема заявлений: 13.06.2016г.

Адрес и способ подачи заявлений о намерении участвовать в аукционе:

заявления граждан о намерении участвовать в аукционе с указанием даты опубликования извещения принимаются в письменной форме, путем обращения в администрацию сельского поселения "село Тлярата" в рабочие дни по адресу: 368930, с.Тлярата, Гумбетовский район, Республика Дагестан, здание администрации, кабинет главы сельского поселения, с 10.00 до 17.00, перерыв с 12.00 до 13.00, а также по электронной почте департамента: gumbet7777@mail.ru. Ознакомиться со схемами расположения земельных участков на бумажном носителе, в соответствии с которыми предстоит образовать данные земельные участки, возможно по адресу: Республика Дагестан, 368930, с.Тлярата, Гумбетовский район, здание администрации, кабинет главы администрации сельского поселения (каждый вторник с 10.00 до 17.00 по местному времени, перерыв с 12.00 до 13.00).

**Глава АСП «Село Тлярата» А.М. Залумханов**

ЗИГАРАБИ

**Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахІмад АхІмадовас, «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ, гьелъул отделазул нухмалъулез гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевасда, ункъгІал Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе ахират лъикІаб насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гІумруги кьеги.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъ, районалъул администрациялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго райадминистрациялъул бетІерасул заместитель АхІмад Сулаймановасда, ункъгІал Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гІумруги кьеги.**

**«Гумбет» районалъул информациялъул отделалъул хІалтІухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель АхІмад Сулаймановасда, ункъгІал Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан насиб гьабеги, нахъе ругел къварилъи-балагьалдасаги цІунаги.**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Проведена проверка уставов общеобразовательных учреждений

**Прокуратурой Гумбетовского района проведена проверка соответствия Уставов общеобразовательных учреждений района действующему законодательству.**

В ходе проверки установлено, что 21 уставов общеобразовательных учреждений района противоречат действующему законодательству. В частности, Уставами учреждений предусмотрен более широкий, чем установлен законодательством, перечень документов, предъявляемых при приеме в образовательное учреждение, или при переводе обучающегося из одной школы в другую.

В частности, в список таких обязательных документов включены: медицинские справки о состоянии здоровья ребенка, выписки текущих оценок и др.

Изложенное противоречит требованиям Порядка приема граждан на обучение по образовательным программам начального общего, основного общего и среднего общего образования, утвержденного приказом Минобрнауки РФ от 22.01.2014 № 32, согласно которому прием граждан в образовательную организацию осуществляется по личному заявлению родителя (законного представителя) ребенка при предъявлении оригинала документа, удостоверяющего личность родителя (законного представителя).

Для приема в школу родители (законные представители) детей, проживающих на закрепленной территории, для зачисления ребенка в первый класс дополнительно предъявляют оригинал свидетельства о рождении ребенка или документ, подтверждающий родство заявителя, свидетельство о регистрации ребенка по месту жительства или по месту пребывания на закрепленной территории или документ, содержащий сведения о регистрации ребенка по месту жительства или по месту пребывания на закрепленной территории. Родители (законные представители) детей, не проживающих на закрепленной территории, дополнительно предъявляют свидетельство о рождении ребенка.

По результатам проверки, прокуратурой района на противоречащие закону Уставы общеобразовательных учреждений района принесены протесты.

**Магомед Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района, старший советник юстиции**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

## Выйди из очереди!

### Портал государственных услуг

**В рамках реализации Федерального закона от 27 июля 2010 года № 210-ФЗ «Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг» МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск) оказывает следующие государственные услуги:**

прием квалификационных экзаменов на получение права на управление автомототранспортными средствами и выдача водительских удостоверений;

регистрация автомототранспортных средств и прицепов к ним;

Во избежание очередей и экономии времени МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск) предлагает обращаться для получения соответствующей услуги через портал государственных услуг www.gosuslugi.ru.

Использование данного Интернет-портала позволяет гражданину упростить порядок обращения в государственные органы, в частности в МРЭО ГИБДД. Для этого необходимо сначала зарегистрироваться на сайте, указав при этом личные данные, в том числе серию и номер паспорта, ИНН и т.д. Вся указываемая информация сверяется с базами данных соответствующих ведомств.После регистрации, в течение 2 – 3 недель, на указанный домашний адрес будет выслано письмо, содержащее специальный код, введение которого подтвердит подлинность предоставленных персональных данных. Пройдя такую регистрацию (следует сделать это заранее), можно пользоваться порталом. Так же для упрощения порядка регистрации на портале государственных услуг возможно обратиться в Многофункциональный центр предоставления государственных услуг (МФЦ).

Все дальнейшие действия осуществляются через «Личный кабинет». В нём Вы выбираете вид нужной Вам государственной услуги (регистрация транспорта, выдача/обмен водительского удостоверения), заполняете предложенную форму, указываете свой контактный телефон.

После рассмотрения Вашего заявления о предоставлении государственной услуги, Вы будете уведомлены о времени и дате приема документов.

При обработке документов, представленных в электронном виде, сотрудник обязан направить заявителю соответствующее уведомление. В случае неявки заявителя в установленное время, срок его ожидания составляет не более 30 минут, по истечении которых прием и оформление документов осуществляется в общем порядке.

В целях совершенствования работы регистрационно-экзаменационных подразделений, в ближайшее время в МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация - г. Буйнакск) будет установлена система управления электронной очередью.

**Коллектив МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация - г. Буйнакск)**

## Диспансеризация – унтабаздаса цІуниялъе къучІ

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)** Участковияв тохтурас (фельдшерас) яги участковияй медсестраялъ нужее баян кьола киб, кида медицинаялъул халгьаби тІобитІилебали, гІага-шагарго чІезабула гьеб тадбиралъе кьоги.

ЦІикІкІун загьирлъулел руго чакаралъул диабет, гьуърузул унти, би дагьлъи, давление бахин ва гІодобе ккей, рищалабазул, рекІел ва цогидалги унтаби. Гьединал унтаби раккиялъе гІиллалъун ккола цІакъго черх къаралъи, бидулъ холестерин, чакар цІикІкІин, къаркъалаялда рекъараб хІалтІи гьабичІого чІей, хъалиян цІай, гІаракъи гьекъей, врачасул изну гьечІого наркотик гъорлъ бугел дараби хІалтІизари ва цогидали. Лъазе ккола гьал тадбирал тІоритІизеги: 40 соналдаса тІаде арал би бахъизе щибаб соналъ рачІине ккола онкологиялъулал унтаби ругищан. Флюорография гьабизе ккола щибаб соналъ цо нухалъ. Медицинаялъул халгьаби тІобитІизе рачІине ккола кваначІого, физическияб хІалтІи гьабичІого, гьелдаго гьоркьоб физическияб зарядкаги.

РачІа поликлиникаялде диспансеризация ва медицинаялъулаб халгьабизе.

**Зубайда ХІажимухІамадова,**
**Гумбет районалъул поликлиникаялъул участковияй медсестра**

БетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов телефон: 26-254 Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХІадисова Корреспондентал: ГІайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова Верстка: Рапият Зулумханова Газета кьабуна «Лотос» типографиялда Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Пушкинил къватІ, 6

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьоркь Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351 Тираж - 1373 Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00 Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде ккoлеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.